

Elèv :
Nivo klas :
Klas Ofisyèl :
Pwofesè :
Lekòl :

Chè,

Nou envite w enskri pou yon kont lekòl Vil Nouyòk *NYC Schools account*, ki se yon nouvo mwayen pou ale nan enfòmasyon enpòtan sou pwogrè pitit ou a. Avèk yon kont Lekòl Vil Nouyòk, w ap ka gade enfòmasyon sou prezans, nòt ki nan kanè ak enfòmasyon jeneral sou pitit ou a nan yonn nan dis lang yo sou yon konpitè, telefòn oswa tablet.

Ou ka enskri pou yon kont nan nenpòt konpitè oswa nan nenpòt aparèy ki konekte sou entènèt dapre etap sa yo:

1. Ale sou <http://schools.nyc.gov/myaccount> epi klike sou "Create Account" ki nan paj *login* lan.
2. Enter Tape Nimewo idantite elèv ki gen 9 chif pitit ou. Ou ka jwenn nimewo ID elèv pitit ou a nan kanè l. Si w pa gen nimewo ID pitit ou a, mande lekòl la.
3. Tape kòd kreyasyon kont *Account Creation Code* pa w la, ki se pa w ak pa pitit ou a sèlman:

Account Creation Code:

4. Klike " Kontinye " "Next."
5. Tape adrès imèl ak *Password* ou a epi konfime yo.
6. Klike "Create Account" apresa klike "SIGN IN" pou w ka siyen ak imèl ou ak *password* ou.

Si w gen plis pase yon pitit ki nan yon lekòl leta Vil Nouyòk, w ap resevwa yon lèt ki gen yon *Account Creation Code* pou chak timoun. W ap bezwen tape sèlman ID elèv la ak *Account Creation Code* la pou yonn nan pitit ou yo nan etap 2 ak 3 ki pi wo a pou kreye yon kont. Depi ou fin kreye yon kont, ou ka ajoute rès timoun yo si w mete ID elèv yo ak *Account Creation Codes* yo nan paj ki make "kontwole kont mwen" "Manage My Account".

Chak *Account Creation Code* se pa w ak pitit ou a sèlman li ye epi ou pa ta dwe pataje l ak lòt moun. Si se pa non w ki nan lèt sa a kòm paran, kontakte lekòl pitit ou a oswa rele 311 pou yo ede w jwenn dosye pitit ou a.

Nou espere kont lekòl Vil Nouyòk ou a sèvi w kòm yon bon mwayen pou patisipe nan edikasyon pitit ou a. Nou envitew ale sou <http://schools.nyc.gov/nycschools> pou jwenn plis enfòmasyon. Si w gen kesyon konsènan kont ou an, kontakte lekòl pitit ou a oswa rele 311. Si w bezwen èd pou w kreye yon kont nan yon lòt lang ki pa anglè, kontakte koòdonatè pou lang lan oswa koòdonatè paran lekòl ou a.

Avèk senserite,

Direktè